# Байрақ

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТЛИК БАЙРАҒЫ

Image not found or type unknown

Мәмлекетлик байрақ Өзбекстан Республикасының 1991-жыл 18-ноябрдеги 407-XII-санлы «θзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳаққында»ғы Нызамы менен тастыйықланған. θзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы θзбекистан Республикасы мәмлекетлик суверенитетиниң белгиси болып табылады. θзбекстан Республикасы Мәмлекетлик байрағы халық аралық қатнасықларда θзбекстан Республикасының тымсалы есапланады. θзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы — байрақтың пүтин узынлығы бойлап өткен таў сарғыш рең, ақ рең ҳәм тойғын жасыл реңли үш енине тартылған туўры төртмүйешлик формасындағы гезлеме болып табылады.

---

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТЛИК БАЙРАҒЫ

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы ҳаққындағы нызам 1992-жыл 14-декабрде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң XI сессиясы нда қабыл етилген.

Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик суверенлигиниң символы болып табылады.

**Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы:**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында өткерилетуғын халық аралық конференцияларда, көргизбелерде, спорт жарысларында Қарақалпақстан Республикасын танытады. Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы туўры мүйешли борлат болып, ол аспан көк, тойғын сары ҳәм жасыл реңлердиң үш горизонталь жолақларынан ибарат. Тойғын сары реңиниң жолағын ақ ҳәм қызыл жийеклер менен ажыратып турады.

-Өзбекстан Республикасының ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызамлары менен белгиленген байрам күнлеринде;

-Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң, район ҳәм қала ҳәкимлериниң қарарлары менен белгиленген орайлық көшелерде, майданларда, басқа да жәмийетлик орынларда ҳәм объектлеринде;

-Өзбекстан Республикасының Президенти сайлаўы, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы депутатларын, Сенат ағзаларын, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутатларының, халық депутатлары районлық, қалалық Кеңеслериниң депутатларын сайлаў ямаса референдум күнлери даўыс бериў имаратлары ҳәм ханаларда көтериледи;

-Қарақалпақстан Республикасы ҳүкиметиниң буйрығы бойынша;

-Спорт майданларында;

-Қарақалпақстан Республикасының чемпионатлары ҳәм биринšиликлери, миллий сайланды командалардың қатнасыўында Қарақалпақстан Республикасы аймағында халық аралық спорт жарысларын өткериў ўақтында ҳәм миллий сайланды командаларының ўәкиллери болған жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў мәресимлери ўақтында Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик байрағы көтерилгеннен кейин. Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы оған болған тийисли дәрежедеги ҳүрмет тәмийинленген ҳалда улыўмалық байрамлар ҳәм салтанатлы мәресимлер ўақтында көтерилиўи мүмкин. Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы менен бир ўақытта бир неше мәмлекетлер ҳәм (ямаса) халық аралық шөлкемлердиң байрақлары көтерилгенде Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағы халық аралық ҳуқық нормаларына муўапық көтериледи. Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары, сондай-ақ, Қарақалпақстандағы басқа да адамлар Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик байрағын ҳүрметлеўи шәрт;